

# **Jesu anokwira kudenga**



**Haiwa Jehova, Ishe wedu, Zita renyu rakaisvo-naka sei  
panyika yose! Mapisarema 8:1**

## **Mateo 28:16-20 - Kutumwa Kukuru**

16 Ipapo vadzidzi gumi nomumwe vakaenda kuGarirea, kugomo ravainge vaudzwa naJesu kuti vaende. 17 Vakati vamuona, vakamunamata, asi vamwe vakakahadzika. 18 Ipapo Jesu akasvika pavari akati, “Simba rose kudenga napanyika rakapiwa kwandiri. 19 Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, 20 uye muchivadzidzisa kuti vachengeze zvose zvandakakurayirai. Uye zvechokwadi ndinemi kusvikira pakuguma kwenyika.”

## **Mako 16:19-20**

19 Mushure mokunge Ishe Jesu ataura kwavari, akatorwa akakwidzwa kudenga uye akandogara kuruoko rworudyi rwaMwari. 20 Ipapo vadzidzi vakabuda vakandoparidza kwose kwose, uye Ishe akashanda navo uye akasimbisa shoko rake nezviratidzo zvakatevera.

## **Ruka 24:51-53**

51 Achiri kuvaropafadza, akabva pavari akatorwa akakwidzwa kudenga. 52 Ipapo vakamunamata ndokubva vadzokera kuJerusarema nomufaro mukuru. 53 Uye vakaramba vari mutemberi, vachirumbidza Mwari nguva dzose.

## Mabasa Avapostori 1:3, 6-11

*Jesu anokwira kudenga*

3 Shure kwokutambudzika kwake, akazviratidza kuvanhu ava akaratidza zviratidzo zvizhinji zvokuti iye akanga ari mupenu. Akaonekwa navo mazuva anopfuura makumi mana uye akataura nezvoumambo hwaMwari.

6 Saka vakati vaungana pamwe chete, vakamubvunza vakati, “Ishe, mama kuzodzosera ushe kuvalsraeri panguva ino here?” 7 Akati kwavari, “Hazvizi kwamuri kuti muzive nguva kana musi wakatarwa naBaba nesimba ravo pachavo. 8 Asi muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu; uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, uye kusvikira kumigumo yenyika.”  
9 Shure kwokunge ataura izvi, akakwidzwa kudenga pamberi pameso avo chaipo, uye gore rikamufukidza vakasazomuona.

10 Vakanga vakatarisisa paakanga achikwira kudenga, pakarepo varume vaviri vakanga vakapfeka nguo chena vakamira pavari. 11 Vakati kwavari, “Varume veGarirea, makamirireiko pano makatarisa kudenga? Iyeyu Jesu abviswa kwamuri achienda kudenga, achadzokazve sezvamamuona achienda kudenga.”

## Jesu anokwira kudenga

1. Ko Jesu akagara panyika mazuva mangani mushure mekumuka kwake? Ko aiitei panguva iyi? (*Mabasa 1:3*)
2. Vadzidzi vaida kuti Jesu agare navo nokusingaperi samambo wavo panyika ino. Unofunga kuti nemhaka yei Jesu akadzoka kudenga? (*Marko 16:19*)
3. Unofunga kuti nemhaka yei Jesu aida kuti vadzidzi vake vamuone achikwira kudenga? Ko varume vaviri vaiva vakapfeka nguwo chena vakanyaradza vadzidzi sei? (*Mabasa 1:11*)
4. Vadzidzi vakaona Jesu achidzokera kudenga. Ko izvi zvinoreva kuti Jesu akanga achisiri navo here? Ndechipi chivimbiso icho Jesu akapa kuvadzidzi vake nesu? (*Mateo 28:20*)
5. Ko Jesu akati ndiani aizouya nokuvapa simba rokutaura? Tinofanira kuitei kusvikira Jesu achiuya? (*Mabasa 1:8*)
6. Ko vadzidzi vakaitei mushure mekunge Jesu akwira kudenga? (*Ruka 24:52 na Marko 16:20*)
7. Taura zvinoreva kutumwa kukuru kwauri. (*Mateo 28:18-20*) Ko Jesu anoraira ani?
8. Tinofanira kubapatidza muzita raani?